# QARAQALPAQSTANDA XOR RAWAJLANIWINDA XORMEYSTER ÓTENIYAZOVA BÁHÁRGÚL XOJANIYAZOVA TUTQAN ORINI.

**Kamalova Gúlmaryam Maksetdullaevna**
*Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis Filialı, "Ulıwma kásiplik hám social gumanitar pánler" kafedrası oqıtıwshısı*
**Abdikarimova Indira Toxtarbay qızı**
*Muzıkatanıw qánigeligi bakalavr baǵdarınıń 2-kurs studenti.*

**Annotaciya:** Bul maqalada xor tarawında kóp jıldan berli, miynet islep balalarǵa bilim berip kiyatırǵan Báhárgúl Óteniyazova Xojaniyazovna ómiri haqqında aytıp ótilgen.

**Gilt sózler:** Muzıka mádeniyatı, muzıka, xor, kórkem óner, oqıwshı.

**Аннотация:** В статье рассказывается об Бахаргул Өтениязова Хожаниязовна, много лет проработавшей в хоровом отделении, обучая и воспитывая детей.

**Ключевые слова**: Музыка, хор, художественное искусство, учиник.

**Annotation:** This article describes the life of Bahargul Oteniyazova Xojaniyazovna, who has been teaching children for many years in the choral department..

Key words: music medium, karakalpak, choir, art, and literature.

Óteniyazova Báhárgúl Xojaniyazovna 1982-jılı 1-noyabrde Taxtakópir rayonı Qarateréń APJ da Óteniyazov Xojaniyaz hám Pirbaeva Mırzagúldiń shańaragında tórtinshi perzent dúnyaǵa kelgen. Ákesi Óteniyazov Xojaniyaz 1962-jılı 5-iyun Taxtakópir rayonı Qarateréń APJ da tuwılǵan. 1959-jılı 1-sentyabrde 2-sanlı Andreev atındaǵı orta mektebinde 1-klasqa oqıwǵa barıp, 1968-1969-jılları pitiredi. Sol jılı Qaraqalpaq mámleketlik pedagogikalıq institutına oqıwǵa kiredi hám onı 1973-1974-jılı tabıslı tamamlap shıǵadı. 1974-jılı ózi oqıǵan mektepke tarıyx hám geografiya páni boyınsha jumısqa ornalasadı. 1986-1987 oqıw jıllarında 33-sanlı Berdaq atındaǵı orta mektepte óz qániygesi boyınsha jumıs isley baslaydı. 2005-2006-jılǵa kelip, direktor lawazımına kóteriledi. 2011-jılı napaqaǵa shıǵadı házirgi kúnde dem



alısta. Anası Pirbaeva Mırzagúl Dápebaevna 1958-jılı 1-martta Taxtakópir rayonı Qaratereń APJ da tuwılǵan. 33-sanlı Andreev atındaǵı orta mektepke oqıwǵa baradı, hám onı 1974-1975-jılında tabıslı tamamlaydı. Sol jılı Nókis qalasındaǵı awıl xojalıǵı texnikumına mektepke oqıwǵa kiredi. 1976-jılı Óteniyazov Xojaniyaz benen turmıs quradı hám 1978-jılǵa kelip, pitkerip shıǵadı. Soń jumısqa kirip, muǵallim bolıp isleydi. 2008-jılı napaqaǵa shıǵadı. X.Óteniyazov shańaraǵında 6 perzent dúnyaǵa kelgen olar: Óteniyazova Turdıgúl, Arzıxan, Xamirniyaz,  Báhárgúl, Muhabbat, Nurniyaz.

Óteniyazova Turdıgúl 1977-jılı 26-sentyabrde Taxtakópir rayonı Qaratereń APJ da dúnyaǵa kelgen. 1984-1994-jıllar aralıǵında orta mektepti pitkerip 1994-1997-jılları 2-sanlı Med uchilishesinde San Feldsher bólimin pitkeredi. Sol jılları Respublikalıq Emlewxanada Avto klav bóliminde miyirbeke lawazımında isleydi hám házirgi waqıtta jumıssız. Óteniyazova Arzıxan 1978-jılı 17-dekabrde dúnyaǵa kelgen. 1985-1995-jılları orta mektepti tamamlap, Nókis pedagogikalıq uchilishesine oqıwǵa kiredi. 1999-jılı uchelisheni tamamlap Taxtakópir rayonı 12-sanlı Berdaq atındaǵı orta mektepte muǵallim bolıp jumıs isleydi, házirde jumıssız. Óteniyazov Xamirniyaz 1980-jılı 22-dekabrde dúnyaǵa kelgen. 1987-1997-jılları orta mektepti oqıp pitkerip shıǵadı. Usı jılı 1997-2000-jıllar aralıǵında Qaraqalpaq Ekonomika hám isbilermenlik kollejine finans qaniygeligi boyınsha oqıp pitkerdi hám 2007-2010-jılları Taxtakópir rayonında 2-sanlı mektepte buxgalter bolıp jumıs isley baslaydı. 2014-2016-jılları Arqa-batıs xalıq-aralıq mámleketlik ahmiyetindegi avtomobil isler saqlawǵa qánigelestirilgen ońlaw, paydalanıw kárxanasınıń Nókis fililalı 2-sanlı jol jumısshısı 2016-2022-jılı házirge shekem Turanbank ATB Qaraqalpaqstan Respublikası bank xızmetleri orayı Xojalıq xızmetkerleri hám xojalıq jumısshılarınıń baslıǵı. Muhabbat Xojaniyazovna 1984-jılı 29-dekabrde dúnyaǵa kelgen. 1991-2001-jılları 12-sanlı Berdaq atındaǵı orta mektepti oqıp pitkeredi. Sol jılı Taqıyatas rayonında Ekonomika hám Isbilermenlik kollejine huquqtanıw bólimine oqıwǵa túsedi. 2003-2004-jılları ózi oqıǵan mektepke huquqtanıw páni boyınsha jumısqa túsedi hám házirgi kúnde de sol tálim jónelisi boyınsha sabaq berip kelmekte. Óteniyazov Nurniyaz Xojabaevich 1986-jılı 10-oktyabrde dúnyaǵa kelgen. 1993-2003-jıllar aralıǵında 12-sanlı

Berdaq atındaǵı orta mektepti oqıp pitkeredi. 2005-2006-jılları bolsa, 74456 Áskeriy bólimge armiyaǵa xızmet saparına ketedi. 2006-2010-jıllar aralıǵında Qaraqalpaq Mámleketlik Universiteti pedagogika fakulteti dene-tárbiya bóliminde oqıp tabıslı pitkerip shıǵadı. 2010-jılǵa kelip, sentyabr ayınan baslap Taxtakópir rayonı 12-sanlı orta mektepte 2011-jıldıń fevral ayına shekem jumıs isleydi. 2011-jıl mart ayınan baslap Ózbekstan Respublikası Ishki isler akademiyası STTOK oqıwǵa kiredi hámde 2011-jılı noyabr ayınan baslap 2-sanlı tergew komissiyası baslıǵınıń járdemshisi smena baslıǵı lawazımında házirgi kúnge shekem islep kelmekte.

Óteniyazova Báhárgúl Xojaniyazovna 1982-jılı 1-noyabrde dúnyaǵa kelgen. 1989-jılı Berdaq atındaǵı 12-sanlı orta mektepke 1-klasqa oqıwǵa baradı hám sol mektepti 1999-jılı tabıslı tamamlaydı. Bala waqıtınan baslap qosıq aytıwǵa qızıǵıp, Taxtakópir rayonında bayramlar ilajlarǵa hám mekteptegi qosıq muǵallimi Xojaniyazov Qalbay Qıdırniyazovichtan qosıq aytıw sırların úyrenip kóplegen tańlawlarǵa qatnasıp kelgen. Sol sebepli usı tarawǵa qızıǵıp 2000-jılı Nókis Mámleketlik Japaq Shamuratov atındaǵı kórkem óner bilim jurtına xor-dirijyorlıǵı bólimine oqıwǵa túsedi hám bul jerde Tólepova Ayparadan 4 jıl dawamında dirijyorlıq sırların úyrenedi. Usı jerde oqıp júrip 2003-jılı Berdaq atındaǵı teatrǵa xor atqarıwshısı bolıp jumısqa ornalasadı. 2004-jılı sol uchilisheni tabıslı tamamlap shıqtı. 2003-jılı Xojeli rayonına Aytniyazovlar shańaraǵına kelin bolıp túsedi.

Ómirlik joldası Aytniyazov Amaniyaz Allaniyazovich olda muzıka tarawı boyınsha “Xalıq saz ásbapları” bóliminde “chań” áspabın pitkergen. 1997-jıldan baslap Xojeli rayonı 5-sanlı Balalar muzıka hám kórkem óner mektebinde 2010-jılı Xojeli rayonı 5-sanlı Balalar muzika hám kórkem óner mektebi “Xalıq saz ásbapları” bóliminde muǵallim bolıp islep kelmekte.

2010-jılı Xojeli rayonı 5-sanlı Balalar muzıka hám kórkem óner mektebine xor sabaǵı boyınsha muǵallim bolıp jumısqa kiredi. Usı jerde oqıwshılardı xor boyınsha tayarlap rayonlıq hám Respublikalıq kórik tańlawlarǵa qatnastırıp, úlken jetiskenliklerge erisken. 2018-jılǵa kelip, Qaraqalpaqstan Respublikası Ansambller arasında kórik

tańlawda kishi xor jámáátin qatnastırıp 1-orındı alıwǵa miyassar boldı, hám Ellikqala rayonına jollama alıp soljerde 3-orındı alıwǵa eristi. 2019-jılı usı jılda ansambller arasında jarıs ótkerildi, hám sol jarısta kishi xor jámááti menen taǵıda 1-orındı iyeleydi soń Xorezm qalasına jollama beriledi. 2019-jılı 5-mart kúni Xorezm qalasında bolıp ótken Ansambller arasındaǵı jarısta kishi xor toparın qatnastırıp, 3-orındı alıwǵa miyassar boladı. 2021-jılı usı jarıs boyınsha taǵıda Qaraqalpaqstan Respublikasında 1-orındı alıp, Tashkent qalasına jollamanı qolǵa kiritedi. 2018-2021-2022-jılları Qaraqalpaqstan Respublikası Mádeniyat ministrligi tárepinen Húrmet jarlıǵı menen sıylıqlanadı. 2021-jılı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutında muzıka tálimi jónelisiniń sırtqı bóliminde oqıydı.

Aytniyazovlar shańaraǵında 4 perzent dúnyaǵa keledi olar: Allaniyazova Ayzada, Qaniyaz, Qıdırniyaz, Shaxzada. Allaniyazova Ayzada Amaniyazovna 2005-jılı 1-yanvarda Xojeli rayonında dúnyaǵa keledi. 2012-jılı 72-sanlı mekteptiń 1-klasına oqıwǵa baradı, sol jerdi 2021-jılı 9-klastı pitkerdi. 2013-jılı 5-sanlı Balalar muzıka hám kórkem-óner mektebiniń fortepiano bóliminde oqıp, 2020-jılı pitkeredi, hám 2021-jılı Nókis qánigelestirilgen mádeniyat mektebine oqıwǵa túsedi. Usı jerde 2 jıl dawamında ustazı Kalbaeva Lola Bazarbaevnadan bilim alıp, 2023-jılı pitkeredi, hám Ózbekstan Mámleketlik Konservatoriyası Nókis fililalına “Saz atqarıwshılıǵı” Fortepiano (organ) bólimine oqıwǵa kiredi hám ustazı Saburova Úmida Mawlenbergenovnadan sabaq alıp kelmekte. Allaniyazov Qaniyaz Amaniyazovich 2009-jılı 4-avgust ayında dúnyaǵa keldi. 2016-jılı 8-sanlı orta mekteptiń 1-klasına baradı házirde 9-klassta oqıp atır. 2017-jılı 5-sanlı Balalar muzıka hám kórkem-óner mektebiniń fleyta áspabı boyınsha oqıwǵa baradı hám 2022-jılı ustazı Sim A.P da pitkeredi. Allaniyazov Qıdırniyaz Amaniyazovich 2014-jılı 4-dekabrde dúnyaǵa keledi. 2021-jılı 35-sanlı orta mektepke 1-klasqa baradı. Házirde 4-klassta oqıp atır. 2022-jılı 5-sanlı Balalar muzıka hám kórkem-óner mektebiniń xoreografiya bólimine oqıwǵa baradı. Ayaq-oyın ustazı Seytmuratov Islamnan bilim alıp kelmekte. Allaniyazova Shaxzada Amaniyazovna 2017-jılı 9-may ayında dúnyaǵa kelgen. 2024-jılı sentyabr ayında 35-sanlı orta mekteptiń 1-klasına baradı. 4 perzenttiń

anası Báhárgúl Óteniyazova Xojaniyazovnanı áwdiwli ana hám pidayı ustaz retinde kórsek arzıydı, ol óziniń bilimin jas áwladqa beriwde sharshamay miynet islep kelmekte.



**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Gúlmaryam K. et al. MÁDENIYAT TARAWINIŃ RAWAJLANIINDA BALALAR MUZIKA MEKTEBINIŃ TUTQAN ORNI //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2024. – Т. 47. – №. 5. – С. 96-101.

2. Gúlxumar D., Gúlmariyam K. BAQSISHILIQ ÓNERINIŃ RAWAJLANIWI HÁM DÁSLEPKI BAQSISHILIQ MEKTEPLERI. – 2024.

3. Gulmaryam K., Ǵaziynexan D. SHOMANAY RAYONI JUMABAY JIRAW BAZAROV ATINDAǴI 13-SANLI BALALAR MUZIKA HÁM KÓRKEM ÓNER MEKTEBI //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2024. – Т. 47. – №. 6. – С. 75-78.

4. Niyazbaeva A., Kamalova G. ÓZBEKISTON XALQ BAXSHISI QALLIEV TEŃELBAY GENJEBAEVICH IJODI //Общественные науки в современном мире: теоретические и практические исследования. – 2023. – Т. 2. – №. 7. – С. 22-24.

5. Gulxumar D., Gulmaryam K. BASHEROV DYNASTY //World scientific research journal. – 2023. – Т. 22. – №. 2. – С. 26-31.

6. Dauletyarova G., Kamalova G. A LOOK AT THE WORK OF TEACHER POLATBAY QURBANAZAROV //Modern Science and Research. – 2024. – T. 3. – №. 1. – C. 283-288.
7. Segizbaeva G., Kamalova G. J. CHARSHEMOVTIŃ DÓRETIWSHILIGINDE SAHNA HÁM KINO MUZIKASI //Modern Science and Research. – 2024. – T. 3. – №. 1. – C. 289-294.
8. Gúlmaryam K. et al. MÁDENIYAT TARAWINIŃ RAWAJLANIINDA BALALAR MUZIKA MEKTEBINIŃ TUTQAN ORNI //ОБРАЗОВАНИЕ НАУКА И ИННОВАЦИОННЫЕ ИДЕИ В МИРЕ. – 2024. – T. 47. – №. 5. – C. 96-101.